

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1. Kacindekan

Tina bahasan saméméhna bisa dicindekeun sababaraha hal:

- a. Dumasar kana acuannana, kapanggih yén aya 193 déiksis persona (29.11%), 79 déiksis témporal (11.91%), jeung 20 déiksis lokatif (3.01%).
- b. Dumasar kana posisina, kapanggih yén aya 120 déiksis anaforis (18.09%), jeung 34 déiksis kataforis (5.12%).
- c. Dumasar kana tipena, kapanggih aya 39 déiksis éndoforis intrakalimah (5.88%), 23 déiksis éndoforis ékstrakalimah (3.46%), 7 déiksis gabungan (1.05%), jeung 148 déiksis éksoforis (22.32%).

5.2. Saran

Masih langka kénéh panalungtikan ngeunaan déiksis. Ku sabab kitu, sakuduna pilihan alternatif anu ku urang dijadikeun pilihan pikeun ngayakeun panalungtikan téh salah sahijina nya éta nganalisis ngeunaan déiksis. Loba bahan garapan analisis anu bisa dijadikeun sumber panalungtikan déiksis, tapi lolobana mah panalungtikan ngeunaan déiksis téh ngagunakeun sumber garapan analisis tina novél, jeung kumpulan carpon. Di dieu kuduna mah,

garapan analisis anu séjén, anu maké bahan garapan analisis tina terjemahan Al-Qur'an kakara aya saurang. Bahan anu bisa dijadikeun sumber panalungtikan, salian tina novél, kumpulan carpon, jeung terjemahan Al-Qur'an, bisa ogé nganalisis tina omongan anu dipaké dina kahirupan sapopoé, tina cangéhgar, tina karangan barudak nalika ngayakeun panalungtikan di sakola, tina *facebook* anu ngagunakeun ragam basa dumasar basa anu digunakeun, mun di Jurusan Sunda tangtuna ogé ngagunakeun basa Sunda, tina radio, tina TV, tina sinétron, jeung réa-réa deui.

